

# VIRIS SENKITYAL RESPIRATWA (RESPIRATORY SYNCYTIAL VIRUS, RSV)

## KISA RSV YE?

RSV se yon viris respiratwa ki komen ki anjeneral lakòz sentòm lejè ki sanble ak rim, men li ka lakòz maladi grav tou, espesyalman lakay tibebe ak granmoun aje.

## KI SENTÒM YO?


Moun ki enfekte ak RSV anjeneral vin kontajye 1 a 2 jou anvan yo kòmanse montre sentòm epi yo montre sentòm nan 4 a 6 jou apre yo enfekte. Gen kèk tibebe ak moun ki gen sistèm iminitè ki fèb ki ka kontinye gaye viris la menm apre yo sispann montre sentòm (jiska 4 semèn). Sentòm yo gen ladan:

- Nen ki koule
- Diminasyon apeti
- Touse
- Estènnye
- Lafyèb
- Souf siflan

## KIJAN LI GAYE?

RSV ka gaye atravè kontak sere ak yon moun ki malad pa:

- Estènnye oswa tous
- Manyen sifas ki enfekte epi apre sa manyen figi ou san ou pa lave men ou anvan



## KIJAN MWEN KA ANPECHE RSV?



Granmoun ki gen 50 ane oswa plis ka resevwa yon **vaksen** RSV.



Moun ki ansent ka pran yon **vaksen** RSV ki pral bay pwoteksyon pou tibebe a lè li fèt.



**Antikò monoklonal** yo ka bay tibebe ki gen <8 mwa ak tibebe ki gen gwo risk ki gen 8 - 19 mwa.

## LÒT KONSÈY POU PREVANSYON:



Rete lakay ou si ou santi ou malad.



Mete yon mask si ou santi ou malad.



Kouvri tous ou ak estènnye ou.



Lave men ou regilyèman.